









**babantu ema**

wati mah budak singer  
teu kedah dipiwarang, sok babantu emana  
wati nuju ngelapan kaca di bumina  
mani hérang katingalina  
bumi wati jadi beresih tur rasesik  
kitu kedahna upami aya di bumi  
tanda urang babakti ka sepuh.

**A. Jawab pananya di handap ieu saluyu jeung bacaan di luhur !**

1. naon judul bacaan di luhur ?
2. saha nu sok babantu emana teh ?
3. naon nu dilakukeun ku wati di bumina ?
4. kumaha jadi na bumi wati teh ?
5. kunaon urang kudu daek babantu ema di bumi ?

**B. Pasangkeun gambar di handap ieu saluyu jeung ngaran kagiatanna !**

1.  **dian nuju diajar sangkan pinter.**
2.  **udin hudang sare tabuh lima enjing.**
3.  **wati nuju mantuan ibu masak di dapur.**
4.  **hudang sare siti meresan kasur.**